



Pou Piblikasyon Imedya: 02/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE DEKLARASYON IJANS FEDERAL POU 14 KONTE NAN REJYON SID ETA A

Demann deklarasyon an fèt pou konte Bronx, Dutchess, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester apre domaj jeneralize rès Siklòn Ida te lakòz

Demann pou Deklarasyon Eta Ijans lan disponib [isit la](#)

Foto Gouvènè Hochul k ap siyen Deklarasyon Ijans lan pral disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a li te mande yon Deklarasyon Ijans Federal pou 14 konte nan rejyon sid Eta a apre domaj jeneralize rès Siklòn Ida te lakòz. Demann deklarasyon an te fèt pou konte sa yo: Bronx, Dutchess, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester. Yon fwa yo bay li, Eta a ap resevwa èd federal sou fòm ekip, ekipman, founiti ak èd finansye pou ede avèk entèkansyon kontinyèl, sovtaj ak efò rekipèasyon nesèsè pou sove lavi ak pwoteje sante ak sekirite piblik la. Anplis de sa, yon fwa yo bay li, moun yo ap kalifye pou lojman tanporè ak asistans finèrè. Demann pou Deklarasyon Eta Ijans Federal la disponib [isit la](#).

Bonè nan maten sa a, Gouvènè Hochul te deklare yon [Ijans Eta pou Katastwòf](#) pou 14 konte sa yo epi te dirije [resous ajans siplemantè nan Eta](#) a bay Hudson Valley ak Vil New York ak rejyon Long Island pou ede kominote yo rekipere apre rès Siklòn Ida te fin pase nan zòn Sid Eta a mèkredi swa epi te vini ak yon kantite lapli istorik, pwovoke inondasyon rapid, blakawout ak kondisyon ki menase lavi nan plizyè zòn.

"Te gen presipitasyon rekò ki te devaste vil New York ak rejyon sid Eta a ki te lakòz inondasyon rapid danjere, detwi bilding ak enfrastrikti epi kite moun yo bloke," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou toujou nan pwosesis dekouvèt vrè pwofondè destriksyon evènman meteyowolojik istorik sa a te lakòz. Pandan n ap kontinye efò rekipèasyon nou yo epi kòmanse evalye domaj yo, mwen fòmèlman ap mande yon deklarasyon ijans nan men gouvènman federal la pou asire nou jwenn èd finansye ak nenpòt lòt èd nou ka bezwen pou sitwayen ak biznis nou yo tanpèt sa te afekte".

###

Lôt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)